# Ma`limleme-talqılaw basqarmasının` funktsiyalıq wazıypaları haqqında

**1-bap. Ulıwma qag`ıydalar**

1. Usı Reje Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Ma`limleme-talqılaw basqarmasının` funktsiyalıq wazıypaların belgileydi.

2. Ma`limleme-talqılaw basqarması (keyingi orınlarda basqarma dep ataladı) Ministrler Ken`esinin` funktsiyalıq quramlıq bo`limi bolıp tabıladı.

3. Basqarma o`z jumısında O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` Konstituttsiyaları ha`m nızamlarına, O`zbekistan Respublikası Oliy Majlisi palatalarının` qararlarına ha`m basqa da hu`jjetlerine, O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` pa`rmanlarına, qararları menen biyliklerine, Ministrler Kabinetinin` qaralarına ha`m biyliklerine, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin` qararlarına ha`m basqa da hu`jjetlerine, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esinin` qararları menen biyliklerine, sonday-aq, usı Rejege a`mel etedi.

4. Basqarma jumısı a`melge asırılıp atırg`an reformalardın` ma`limleme-talqılaw mag`lıwmatın ta`miyinlewge, ekonomika ma`kmelerinin` ha`m taraw basqarıw uyımlarının` ekonomikalıq, tarmaqlıq ha`m aymaqlıq rawajlanıw bag`darlamaları strategiyasın islep shıg`ıwdag`ı ma`limleme-talqılaw ha`m keleshektegi jumısın muwapıqlastırıwg`a, qısqa mu`ddetli da`wirde ekonomikalıq ha`m sotsiallıq siyasattın` na`tiyjeliligin arttırıw boyınsha usınıslar ha`m orta mu`dddetli ja`ne uzaq mu`ddetli da`wirlerde ekonomikalıq reformalar strategiyasının` variantları boyınsha talqılawlar o`tkeriwde qatnasıwg`a bag`darlang`an.

**2-bap. Basqarmanın` wazıypaları ha`m funktsiyaları**

5. To`mendegiler basqarmanın` tiykarg`ı wazıypaları bolıp tabıladı:

Ekonomikalıq reformalarıdın` a`melge asırılıwın ha`m sotsiallıq-ekonomikalıq jag`daydın` barlıq bag`darları boyınsha mikro da`rejede, sonday-aq, tarawlar menen aymaqlar boyınsha, sonın` ishinde, qalalar menen rayonlardın` atqarıwshı ha`kimiyat uyımlarının` ma`limleme-talqılaw ha`m keleshektegi jumısın muwapıqlastırıw tiykarında sistemalı ha`m kompleksli u`yreniwdi sho`lkemlestiriw;

Ekonomikalıq ha`m sotsiallıq jag`daylardı talqılaw, mag`lıwmatlardın` tiyisli bazaların jaratıw, ekonomikanın` sapa jag`ınan o`zgeriwi menen onın` rawajlanıw tendentsiyaların bahalaw;

Ekonomikalıq ha`m sotsiallıq jag`daylardın`, ekonomikalıq reformalardın` tarmaqlar menen aymaqlar boyınsha barısı, menshiklestiririw, strukturalıq ha`m institutsionallıq qayta o`zgertiwler ma`seleleri boyınsha talqılang`an materiallar tayarlaw;

Qaraqalpaqstan Respublikası ministrlikleri menen basqarmalarının`, qalalar ha`m rayonlar ha`kimliklerinin` ekonomikalıq reformalardın` barısın talqılaw ha`m ekonomika tarawları sektorları menen aymaqların rawajlandırıw bag`darlamaların islep shıg`ıw ma`selelerindegi jumısın muwapıqlastırıw;

Ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları, sonday-aq, ma`mleketlik atqarıwshı ha`kimiyat uyımları ta`repinen tayarlanatug`ın en` a`hmiyetli ha`m sotsialllıq mashqalalar boyınsha maqsetli bag`darlamalalar ha`m Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` qararları, biylikleri joybarların tayarlawda ja`rdem ko`rsetiw;

Basqarmag`a tiyisli aymaqlar menen tarawlarda sotsiallıq-ekonomikalıq reformalardın` a`melge asırılıwın sho`lkemlestiriw;

Ministrler Ken`esinin` «Jıynalıp baratug`ın ma`limleme-talqılaw departamenti» ta`repinen aymaqlardı sotsiallıq ekonomikalıq rawajlardırıw maqsetinde islep shıg`ılatug`ın kompleksli bag`darlamalardı tayarlawda belsendi qatnasıw;

tarawlar menen aymaqlar boyınsha sotsiallıq-ekonomikalıq reformalardın` barısın komleksli talqılaw, ulıwmalastırıw ha`m turaqlı tu`rde Ministrler Kabinetine ha`m Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esinin` Baslıg`ına ma`limleme beriw;

Basqarmalarg`a tiyisli O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` nızamları, O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` Pa`rmanları, qararları ha`m biylikleri, Ministrler Kabinetinin` qararları ha`m biylikleri, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin` qararları ha`m basqa da hu`jjetleri, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esinin` qararları ha`m biylikleri, ma`mleketlik bag`darlamalardın` orınlanıwın ta`miyinlewde tikkeley qatnasıw;

qalalar menen rayonlar ha`kimlerinin` tiyisli xızmetlerine sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlanıw ma`selelerine baylanıslı bolg`an bag`darlarda ma`sla`ha`t beriw, olarg`a a`meliy ja`rdem etiw;

qalalar menen rayonlar ha`kimliklerinin` sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw, ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriw, xalıqtı sotsiallıq qorg`aw shen`berindegi jumıslardın` jag`dayın u`yreniw,

qalalar menen rayonlar ha`kimliklerinin` sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw, ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriw, xalıqtı sotsiallıq qorg`aw shen`berindegi jumıslardın` ahwalın u`yreniw, talqılaw, olardı jedellestiriw boyınsha usınıslar islep shıg`ıw;

qalalar menen rayonlar ha`kimlikleri tiyisli ka`rxanalar menen sho`lkemlerden za`ru`r mag`lıwmatlardı alıw, sherek, yarım jıllıq, tog`ız aylıq ha`m jıllıq ma`jilislerdin` materialların tayarlaw, ma`jilislerdi sho`lkemlestiriwge ha`m onı o`tkeriwge baylanıslı barlıq ilajlar menen talqılawlardı islep shıg`ıw, talqılaw ha`m ko`rip shıg`ıw ushın Ministrler Ken`esinin` Baslıg`ına usınıslar kirgiziw;

ha`kimlik saatı ma`jilisi ku`n ta`rtibi ma`jilisinin` o`tkeriliwinde za`ru`r materiallardı tayarlaw ha`m onda tikkeley belsene qatnasıw;

g`alaba xabar qurallarında sa`wlelendiriw maqsetinde, ma`limleme-talqılaw materialların tayarlaydı ha`m onda belsene qatnasadı.

**3-bap. Basqarmanın` huqıqları ha`m juwapkershiligi**

6. Basqarma to`mendegi huqıqlar menen minnetlemelerge iye:

Ma`limleme-talqılaw basqarması ushın belgilengen wazıypalar shen`berinde Ministrler Ken`esinin` sekretariatlarınan, huqıq qorg`aw uyımlarınan, juwapker ministrliklerden, basqarmalar menen vedomstvolardan, Oraylıq banktin` Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması menen kommertsiyalıq banklerden, tiyisli ka`rxanalar menen sho`lkemlerden, rayon (qala)lar ha`kimliklerinen za`ru`r statistikalıq ha`m talqılang`an ma`limlemelerdi ja`ne sotsiologiyalıq sorawlar mag`lıwmatların soraw ha`m alıw;

ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarının` tarawlar menen aymaqlardı rawajlandırıwdın` kompleksli bag`darlmaların islep shıg`ıw ha`m usı ma`kemelerdegi ma`limleme-talqılaw mag`lıwmatlardı muwapıqlastırıw;

basqarmag`a ju`klengen wazıypalar shen`berinde Ministrler Ken`esi sekretariatlarınan, basqarmalar menen bo`limlerden, ministrliklerden, basqarmalardan, ka`rxanalardan, assotsiatsiyalardan, aymaqlıq basqarıw uyımlarınan, rayon (qala) ha`kimliklerinen tarawlar menen aymaqlarda sotsiallıq-ekonomikalıq reformalardı a`melge asırıw boyınsha qabıl etilgen qararlardın` o`z waqtında sapalı orınlanıwı boyınsha operativ ha`m statistikalıq ma`limlemelerdi soraw;

Ministrler Ken`eesinin` tiyisli xızmetlerinin`, qala ha`m rayonlar ha`kimliklerinin` ekonomikalıq reformalardın` orınlanıwı boyınsha na`tiyjelerin talqılaw ha`m ulıwmalastırıw, ekonomika tarawların, sektorların ja`ne aymaqlardı ekonomikalıq rawajlandırıw strategiyası menen bag`darlamaların islep shıg`ıw ma`seleleri boyınsha jumısın muwapıqlastırıw;

qısqa mu`ddetli, orta mu`ddetli ha`m uzaq mu`ddetli keleshekte sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw strategiyası boyınsha usınıslardı, sonday-aq, tarmaqlıq ha`m regionallıq rawajlandırıw bag`darlamaların islep shıg`ıw bag`darında usınıslar tayarlaw;

Qaraqalpaqstan Respublikasının` ekonomika tarawları menen aymaqların sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlandırıwdag`ı tendentsiyaların sıpatlaytug`ın talqılang`an materialllardı Ministrler Kabinetinin` Jıynalıp baratug`ın ma`limle-talqılaw departamenti basqarması ko`rip shıg`ıwı ushın tayarlaw ha`m usınıw;

a`hmiyetli ekonomikalıq ha`m sotsiallıq mashqalalar boyınsha Ministrler Ken`esi qararları, biylikleri, tarmaqlıq bag`darlamaların ha`m aymaqlıq bag`darlamalar joybarların islep shıg`ıw;

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esinin` ishki jumıs ta`rtibine so`zsiz a`mel etiw;

basqarmag`a kelgen hu`jjetlerdin` belgilengen mu`ddetlerde orınlanıwın ta`miyinlew.

**4. Basqarmanın` strukturası**

7. Basqarma quramına basqarma baslıg`ı, bas qa`nigesi, jetekshi qa`nigesi ha`m eki 1-kategoriyalı qa`nigesi kiredi.

8. Basqarma baslıg`ı Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` qararı menen Ministrler Ken`esi menen kelisilgen halda, basqarma qa`nigeleri bolsa, Miistrler Ken`esi Baslıg`ının` qararı menen lawazımg`a tayınlanadı ha`m lawazımınan azat etiledi.

**5. Basqarma jumısın sho`lkemlestiriw**

9. Basqarma jumısı «Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi haqqında»g`ı Qaraqalpaqstan Respublikasının` Nızmına, usı Nızamg`a, tastıyıqlanatug`ın perspektivalı ha`m aylıq is rejeleri ja`ne Ministrler Kabineti Jıynalıp baratug`ın ma`limleme-talqılaw departamentinin` shereklik is rejelerine muwapıq, sonday-aq, Ministrler Ken`esinin` is rejeleri tiykarında sho`lkemlestiriledi.

10. Basqarmada ha`r ha`ptede ma`jilisler o`tkerilip, berilgen tapsırmalardın`, rejelerdin` orınlanıwı qadag`alanıp, jan`a ha`ptege mo`lsherlengen jumıslar menen tapsırmalar belgilep alınadı.

11. Basqarmada jumıstın` alıp barılıwı, hu`jjetlerdin` aylanısı basqarma qa`nigeleri ta`repinen alıp barıladı ha`m bul tuwralı ha`r ayda basqarma baslıg`ına mag`lıwmat berip barıladı.

12. Basqarma baslıg`ı:

Basqarma jumısına ulıwma basshılıq etedi, wa`killigine kiretug`ın ma`selelerdi sheshiw boyınsha bag`darlardı ha`m wazıypalardı belgileydi;

Qaraqalpaqstan Respublikasında sotsiallıq-ekonomikalıq reformalardın` a`melge asırılıwı ha`m olardın` monitoringin alıp barıwdı

sho`lkemlestiredi;

O`zbekistan Respublikası Ministrler Kabinetin` Jıynalıp baratug`ın ma`limle-talqılaw departamenti menen birgelikte aymaqlardı sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlandırıwdın` kompleksli bag`darlamaların islep shıg`ıwda ha`m olardın` izbe-izlik benen a`melge asırılıwında qatnasadı;

Basqarmag`a tiyisli bolg`an Prezident pa`rmanları, qararları menen biylikleri, Hu`kimet qararları menen biyliklerinin` orınlanıwı u`stinen qadag`alawdı sho`lkemlestiriw boyınsha basqarmanın` jumısına basshılıq etedi;

Basqarmag`a kelgen hu`jjetlerdin` orınlanıwın ta`miyinleydi. Basqarma qa`nigelerine tiyisli tapsırmalardı beredi ha`m olardın` orınlanıwın qadag`alaydı. Basqarmanın` ishki ta`rtibi boyınsha qalalar menen rayonlarg`a biriktirilgen qa`nigelerdin` jumısın muwapıqlastıradı;

Aymaqtı sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw boyınsha qalalar menen rayonlar ha`kimlikleri, jergilikli basqarıw uyımlarının` jumısın sho`lkemlestiriw, olardın` jumısın jaqsılaw ha`m jetilistiriw boyınsha usınıslardı kirgizedi;

Jergilikli ha`kimlikler, aymaqlıq basqarıw uyımları ha`m Qaraqalpaqstan Respublikasındag`ı tiyisli sho`lkem, ka`rxana, ma`keme ha`m vedomstvo basshılarınan tarmaqlarda ha`m orınlarda sotsiallıq-ekoomikalıq reformalardı a`melge asırıw boyınsha qabıl etilgen qararlardın` o`z waqtında sapalı orınlanıwın talap etedi, olardın` orınlanıwı boyınsha operativ ha`m statistikalıq ma`limlemeni sorap aladı;

Basqarmanın` ma`limleme-talqılaw jumısında alıng`an na`tiyjelerdi Ministrler Kabinetine ha`m Miistrler Ken`esinin` baslıg`ına jetkeredi;

Basqarma xızmetkerleri arasında wazıypalardı bo`listiredi, olardın` orınlanıwın qadag`alaydı. Basqarma xızmetkerleri ta`repinen miynet ta`rtibine a`mel etiliwin ta`miyinleydi;

Ministrler Ken`esinin` janında du`zilgen jumısshı komissiyalar menen basqarmalardın` jumısında belsene qatnasadı. Atqarıw ta`rtibin bekkemlew bag`darında tarawlardag`ı jag`daydı sın ko`zqarastan talqılawg`a qatnasadı;

Basqarma ta`repinen o`z wa`killikleri shen`berinde tayarlang`an jo`netiletug`ın xatlarg`a qol qoyadı;

Xalıq deputatları Qaraqalpaqstan Respublikası, qalalıq ha`m rayonlıq Ken`eslerinin` sessiyalarında, to`mengi jergilikli ma`mleketlik ha`kimiyat uyımlarının` ma`jilislerinde, Ministrler Ken`esi komplekslerinde ja`ne qalalar ha`m rayonlar ha`kimliklerinde o`tkeriletug`ın ma`jilislerde qatnasadı.

13. Basqarma baslıg`ı waqtınsha atqarıwshı bolmag`an jag`dayda onın` wazıypasın bas qa`nige orınlaydı.

14. Basqarmanın` bas ha`m jetekshi qa`nigeleri ja`ne 1-kategoriyalı qa`nigeleri o`z jumısın belgilengen ta`rtipte tastıyıqlanatug`ın funktsiyalıq wazıypalarg`a muwapıq a`melge asıradı.

*Просмотров:*